Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 14 (9925) 14 апрель 2023 с. / Рузман 24 Рамазан 1444 с. / багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

## «Чапар» газеталъе-90 сон!

# Активалъул иргадулаб данделъи тIобитIана

11 апрелалда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Районалъул бетIер ХI.ХI.Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал, управлениябазул, отделазул начальникал, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслиялльун рукIана 2023 соналъ туристазул сезон рагьиялдагун гьеб нухда тIобитIиялда, районалда араб соналъ букIараб санитариябгун эпидемиологическияб ахIвал-хIалалда ва гьеб гьаб соналъ лъикIлъизабиялъе цере чIарал масъалабазда, КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 78 сон тIубаялъул байрам ва гIолилал армиялде ахIиялъул ихдалилаб кампания нухда тIоритIиялда хурхарал суалал.

Нилъ нугIзаллъун руго туристал районалде рачIинариялъул суалазде районалъе нухмалъулез кIудияб кIвар кьолеб букIиналъе. Туризмалъ кьолеб пайдаялъул газеталъул гьурмазда гIемер хъванги букIана. Гьеб суалалда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб бицана районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Ильяс Шабазовас.

Гьес, гIатIид гьабун, данделъаразе бицана туристазул сезон рагьиялъе гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул, гьел щолел бакIазда чIезарулел санагIалъабазул, гIолел-гIоларел рахъазул, дандчIвалел захIмалъабазулгун цере чIарал масъалабазул.

Гьес бицаралда хурхун гьабураб тIасан кIалъаялда районалъул бетIерас абуна: *«Туристал ракIарулел бакIазда сверухъ бугеб санитарияб ахIвал-хIалалда тIасан ругел биценал нилъее бальгояллъун ккоаро. РацIцIалъи, гьединал бакIазда гуребги, чIезабизейин нилъеца их байбихьарабго, субботникал тIоритIулел ругел.*

*БакIазда, гьезда сверухъ рацIцIалъи чIезабиялда тIад росабазул бутIрул хIалтIизе ккола. РацIцIалъи чIезабиялда тIад хIалтIулел бакIазул администрациябазул бутIрузе районалъул администрациялъ хIажатаб кумек гьабулебги бугеб»*,-ан.

Районалда бугеб санитариябгун эпидемиологическияб ахIвал-хIалалда тIасан кIалъазе цеве вахъана потребителазул ихтиярал ва гIадамазул паракъалъи цIуниялъул Федералияб хъулухъалъул управлениялъул Гъизилюрт шагьаралда бугеб территориалияб отделалъе нухмалъулев МухIамад Шамхалов.

Районцоязда лъалеб батила ахириял соназ нилъер районалда тIадехун рехсараб суалалда сверухъ хIалуцараб ахIвал-хIал букIин. Лъида лъалареб тIабигIаталъулъ гIезегIанал хиса-басиял ккун рукIин, гьелги лъикIаб рахъалдехун гурел.

Гьава-бакъалъулъ, кванил-нигIматазулъ ва цогидаб нилъеца хIалтIизабулебщиналъулъ ккарал хиса-басияз раккизаруна цIиял унтаби, цIилъизаруна кIочон рукIаралги.

Бугеб ахIвал-хIал хIалуцинабиялъулъ хасаб бакI ккола киса-кибего тIибитIун бугеб рищни-къулалъги. Росабазул къватIаздаса байбихьун, гIалахазда, рохьазда, лъел мухъазда ва цогидал бакIазда хIетIе чIезе бакI батуларо гьенир ратулел рищни-къулалъул гохIаз.

Гьедин букIиналъги квербакъула батIи-батIиял унтаби тIиритIиялъе. КигIан бицаниги, нилъер гIадамазда кинго бичIчIунеб гьечIо цебе ккаралъубе рищни-къул базе бегьулареблъи. БичIчIина, амма кватIун букIина.

М. Шамхаловас бицаралда рекъон, араб соналъ нилъер районалда букIун буго рахунел унтабазул 1764 хIужа. Гьезда гьоркьоб аслияб бакI ккoлеб буго пневмониялъ ва туберкулёзалъ.

Гьес абуна: *«Нилъер республикаялда руго хIужаби цIакъ хIинкъи бугеб Сибиралъул язва тIибитIиялъулги. Гьелъ, кинабго гьабизе ккола гьеб районалда тIибитIунгутIиялда сверухъ, хасаб халкквей букIине ккола боцIуда хадуб. Нилъер гьанире къватIиса хIайванал рачIуна ва гIадамаз гьезул гьан хIалтIизе гьабула, гьеб рахъги берзукьа биччазе бегьуларо.*

*Цоги, районалда бацIцIадаб лъим чIезабиялъул суалги цIакъ «бегIерго» цебе чIараблъун ккола. Рищни-къулалъул суалги гьелдаса нахъе ккараблъун гьечIо. Гьеб данде гьабиялъулъги цIуниялъулъги гIемерал гIунгутIабиги руго. Нилъеда лъала районалда гIемерал кирпич къотIулел цехал, автомойкаби, заправкабазул станцияби ва цогидал бакIал рукIин. Гьезул хIалтIиялда рарал рахъалги гIемерал руго. Лъималазул ахазда, школазда, къокъгьабун абуни, гIемераб къадар лъималазул бакIарулеб бакIазда бугеб ахIвал-хIалги лъикIаб гьечIо, гьенирги ратула санитариябгун эпидемиологическияб рахъал цIунунгутIиялъул хIужаби»*,-ян.

Гьес гьабураб биценалда хурхун, жиндирго тIасан кIалъаялда ХI. Мусаевас абуна: *«М. Шамхаловас, нилъер районалда бугеб санитариябгун эпидемиологическияб ахIвал-хIалалда хурхун, гьабураб кIалъаялдасан бичIчIуна унтаби районалда цIилъиялъулгун гьел раккиялъул рахъал лъикIаллъун гьечIеллъи. Вакцинация гьабиялде, рищни-къул тIагIинабиялде ва цогидал квешал рахъазде нилъеца кIвар кьолеб гьечIони, иш жеги квешалъубе ккезе бегьула. Гьелъ,кIвахI тун, жиде-жидер бакIазда рацIцIалъи чIезабиялда, кколел заманалда вакцинация гьабиялда, рищни-къул гьабунгутIиялда тIад хIалтIизе ккола гьел суалал жидеде кколел идарабазул хIалтIухъаби, хасго росабазул бутIрул, къокъгьабун абуни, тIолабго жамагIат. Гьедин гьабулеб гьечIони, нилъ чIаралъурго хутIизе рукIиналда, кинаб букIаниги, щаклъиги гьечIо. Санитариябгун эпидемиологическияб ахIвал-хIал букIине кколеб даражаялде рачиналъе рихьизарурал гIарцулал сурсатал гIейгьечIел руго. «Ишахи» участокалдаса районалде лъим бачиналда тIад ниж хIалтIулел руго. Гьелъ рес кьезе буго росабалъ бацIцIадаб лъим чIезабизе. Цоги, «Архъабаш» участокалда рищни-къул хIалтIизабиялъул завод базе бакIал хIадурулеб буго.*

*РакIалде ккола гьел ишаз районалъул гIадамазда цере чIарал проблемабазул цIикIкIунисел рахъал нахъе росилин»,-ан.*

Районалъул гIадамазда цIакъ лъикI лъала ихдалги хаслихъеги гIолилал армиялъул мухъилъе ахIиялъул кампанияби тIоритIулеллъи. Гьедин, 1 апрелалда нилъер районалда байбихьана ихдалилаб кампания тIобитIизе. ГIуцIиялда гьеб тIобитIиялда тIад районалъул администрациялъ, рагъулаб комиссариаталъ, хIажатал идараби гьоркьореги цIан, гIезегIанаб хIалтIи гьабулеб букIинги балъголъи гуро.

Цого, гIолилазул, гьезул умумузул ракIалъе васвас рештIинабулеллъун кколел руго армиялде ахIулел Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъизе ритIулин ругел биценал.

Гьелда хурхун, дагьал церегIан къояз армиялде гIолилал ахIиялъул комиссиялъул председатель ХI. Мусаевас абуна: *«Лъилниги щаклъи ккезе бегьуларо гIолилал Украиналде ритIизе гьечIеблъиялда, гьеб тасдикъ гьабула улкаялъул бетIер В.В. Путинил рагIабаз»*,-ан.

4 апрелалда тIобитIана тIадехун рехсараб комиссиялъул тIоцебесеб данделъи ва гьениб хал гьабуна тIадаб рагъулаб хъулухъалде ине рихьизарурал гIолилазул сахлъиялъул. ТIобитIараб данделъиялда, цоги нухалда тIадвуссун, районалъул бетIерас абуна цере чIарал масъалабазул бищунго кIвар цIикIкIараблъун армиялде гIолилал ахIиялъул кампания кколилан ва гьеб гIуцIиялда нухда тIобитIиялъул цIикIкIунисеб рахъал росабазул бутIрузда бараблъун бугилан. Гьес гьеб суал жидеде кколел киналго ахIана кампания гIуцIиялда нухда тIобитIиялде.

Нилъ киназдаго лъала КIудияб Бергьенлъиялъе 78 сон тIубаялъул байрам кIодо гьабизе бугеб 9 -абилеб май тIаде щолеб букIин. Гьеб ккола тIолабго Россиялъул халкъалъе хирияб байрамазул цояблъун. ГIатIидгьабун, берцин ва рохалида гьеб нухда тIобитIиялъе оргкомитетги планги гIуцIун руго. Гьедин гьабиялъ рес кьола гIуцIиялда байрам нухда тIобитIиялъе.

РакIазе кIочен гьечIеб асар гьабулеблъун гьелъулъ букIуна *«ХвелгьечIеб полк»* абун цIар тараб ва ахириял соназ киса-кибего тIобитIулеб тадбирги. Районалъул гIадамаз гьеб байрам нухда тIобитIиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабулеблъиги тIолаздаго лъала.

Байрамалда тIоритIулел тадбиразул аслиял рахъал культураялъул хIалтIухъабаз кколеблъиги балъголъилъун кколаро. Ахириял соназ культураялдехун тIалъиялъул бербалагьи гIезегIанго хисана. Гьелъул хIалтIухъабазе цIикIкIинаруна харжал, къачIалел, капиталиял ремонтал гьарулел руго рукъзазеги. Гьаб соналъ гьелъие гIезегIанаб гIарац биччанги буго. Жиндирго кIалъаялда районалъул бетIерас гьеб рахъалдаги тIадчIей гьабуна.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва рекъон кколел хIукмаби гьаруна.




***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гъаб номералда нужеца цIализе бегьула

гъум. 2 Аварагасул асарал Салатавиялъул ракьалда

гъум. 7 Юбилеялда хурхун

гъум. 8 Гургинаб стол

# Аварагасул ﷺ асарал Салатавиялъул ракьалда

Нилъер районалъул тарихалда кӀочонареб лъалкӀ тана 9 апрелалда ккараб лъугьа-бахъиналъ. Гьеб къоялъ баракаталъулъ тӀерхьун букӀана Салатавиялъул ракь - нилъер районалде щвана хирияв МухӀаммад аварагасул ﷺ асарал.

Гьезда дандчӀвай гьабиялъул тадбир ана тӀадегӀанаб даражаялда, ва гьелъие гӀилла ккола районалъул администрациялъулги имамзабазул Советалъулги цадахъаб хӀалтӀи. Районалъул бетӀер ХӀажимурад Мусаев ва цогидалги жавабиял хӀалтӀухъаби, рохалилаб хабар къватӀибе бахъаралдаса, гьабулебщиналъулъ



цебесеб кьерда рукӀана, гӀуцӀана оргкомитет ва гьез рахъ кколеб букӀана тадбир тӀобитӀиялъул хӀакъалъулъ рухӀияб идараялъул щибаб пикруялъул. Хирияв Аварагасде ﷺ халкъалъул рокьул гучалъ, гьесдехун бугеб цӀикӀкӀараб асаралъ гӀажаибго берцин, цоцалъ гьуинлъиялда ва рекӀел хинлъигун нухда ана тадбир.

Асарал къабул гьаризе районалде жанире лъугьунеб МВДялъул посталдаса байбихьун, Дилим росдал централияб мажгиталда цебе щвезегӀан, гӀадамаз гӀуцӀана чӀагояб коридор, ва Авараг ﷺ кӀодо гьавулеб салаватги ахӀулаго, дандчӀвай гьабуна асаразе. Щивасул гьурма-



дасан бихьулеб букӀана гьелдаса бугеб асар. Ригь батӀа гьабичӀого, хъулухъалде балагьичӀого, районалъул дагьабгӀаги гали босизе кӀолев чи нухде вахъун вукӀана. Щиб гьабунги, щивас хӀаракатги бахъулеб букӀана гьеб тӀадегӀанаб рокьи ва адаб загьир гьабизе. БитӀахъе живго Авараг ﷺ вачӀунев кинигин, кӀудияб хӀадурлъи гьабун букӀана районалъул киналнигИ росабазул жамагӀатаз. Гьезие нухмалъи гьабуна районалъул администрациялъ ва рухӀияб лъай кьеялъул отделалъул хӀаракатчагӀаз. ТӀоцебесеб иргаялда, кидаго букӀинчӀеб къагӀидаялда, кӀудияб субботник тӀобитӀана. Рищни-къулалдаса рацӀцӀад гьаруна нухал, гач бахун, ракъварал гӀаркьалаби къотӀун, къачӀана гъутӀби. Чвахун балеб цӀадакьги волонтераз гьабулеб хӀалтӀи гьоркьоб къотӀизе течӀо. Асарал къабул гьаризе щвана районалъул бетӀер ХӀажимурад Мусаев, районалъул имамзабазул Советалъул председатель ГӀамиргӀали Абубакаров, Муфтиясул заместитель АхӀмад МухӀамадов ва цогидалги гӀемерал гьалбал. МухӀаммад аварагасул ﷺ гӀумруялда хурхарал ва Дагъистаналда исламияб дин цебетӀеялъе квербакъарал шайихзабаз хӀалтӀизарурал 30 алаталдаса данде гьабураб выставка гӀуцӀана аслияб мажгиталда жаниб.

Гьелдаса хадуб, Дилим росдал аслияб байданалда тӀобитӀана асарал къабул гьариялда хурхараб мажлис. Гьеб данделъи рагьизе, гьединго районцоязда гьадинаб рохалилаб къо баркизе цеве вахъана ХӀажимурад Мусаев.

*«Нилъер районалде гьел асарал рачӀин ккола кӀудияб тарихалъулаб лъугьа-бахъинлъун. Дун кутакалда вохарав вуго, нилъер районалъул гӀадамаз аварагасдехун ва гьал асараздехун бихьизабураб рокьиялдаса ва хӀурматалдаса. Гьеб нилъ киназдаго бихьана гьаб къоялде хӀадурлъулеб мехалдаги. Бицун хӀалкӀолареб хӀалтӀи гьабуна халкъалъ. Гьаб даражаялде хӀалтӀи щвезабиялъе гӀиллалъунги дица рикӀкӀуна нилъер цолъи ва аварасде бугеб рекӀел асаралъул кӀодолъи.*

*Дие бокьун буго районалъул жамагӀаталъул рахъалдасан баркала загьир гьабизе нилъер хӀурматияв Муфтий АхӀмад-ХӀажи ГӀабдуллаевасе, гьаниб квер чӀваралщиназе. Аллагьас нилъ киназулго зиярат къабул гьабеги»*,-ян абуна гьес.

Хирияб мажлисалъул баракат цӀикӀкӀиналъе асаралгун цадахъ нилъехъе гьоболлъухъе щвана Египеталдаса хӀафиз МахӀмуд Абу-Дейф Ан-Наджар, ва жиндирго кӀалъаялда гьес гьадин абуна:

*-Дун гӀажаиблъула дагъистаниязда, гьадинаб даражаялъул рухӀияб бацӀцӀалъи нижеда батана цого-цо гьаниб. Нужеда аскӀор ругеб мехалда, нижеда ккола жалго асхӀабзабазда аскӀор ругилан,*-ан.

Гьединго, кӀалъазе вахъарав АхӀмад МухӀамадовас абуна:*«ТӀоцебесеб иргаялда, дие бокьун буго нилъер Муфтий АхӀмад-ХӀажи ГӀабдулаевасул рахъалдасан нуж киназдего урхъараб салам бицине. Аварагасде ﷺ нужер бугеб рокьиги бихьун, буго БетӀергьан Аллагьас нужее гьаб рахӀмат кьолеб, Аллагьас нилъ, хирияв МухӀаммад аварагасда ﷺ цадахъ, ахираталда данде гьареги»*,-ан абуна А. МухӀаммадовас.

Хирияв Аварагасде ﷺ гьесул хъизаналде ва асхӀабзабазде бугеб рокьиялъ,



данделъаразда гьоркьов бадиб магӀу ххуличӀев цохӀониги чи вукӀинчӀин абуни, мекъи ккеларо, хасго нилъер хӀурматиял гӀалимзабазул кӀалъаялдаса хадуб.

Хадубккун, кӀалъазе вахъарав Муфтияталъул северияб территориалияб округалъул вакил ГӀизраил МухӀаммадбасировасги кӀудияб къимат кьуна Салатавиялда асарал къабул гьариялъе. Жакъасеб байрамги баркулаго, гьес



гьадин абуна:

*-Рецц Аллагьасе, гьал асаразда цадахъ нижееги рес щвана чанго районалде ва шагьаралде щвезе, амма дица жакъа ракӀчӀун абулеб буго, Казбек районалда гӀадин, гьел хӀурматалда къабул гьари кибниги дида бихьичӀилан. Нужер жамагӀат кидаго букӀана диналъул рахъалда цебетӀураблъун, ва биччанте хадубккунги гьединаблъун хутӀизе,*-ян.

ГӀалимзабазул церерахъин гурониги, гьенир нашидал ахӀулел рукӀана, ва Авартеатралъулгун нилъер халкъияб театралъул актераз, МухӀаммад Дудуевасул нухмалъиялда гъоркь бихьизабуна Дагъистаналда дин баккиялъул ва гьеб цебетӀеялъул хӀакъалъулъ театралиял сценкаби.

Нашидал ахӀулезул цояв, Дагъистаналъул мустахӀикъав артист, нилъер ракьцояв ХӀадис Сабиевас жиндирго цевевахъиналдаса хадуб абуна:

*-Жакъа гьадинаб кӀудияб хӀурмат Аварагасулﷺ асаразе гьабураб Салатавиялъул жамагӀаталъ, живго МухӀаммад ﷺ тӀаде щун вукӀаравани, щибдай гьабилаан,*-илан.

Гьебго къоялъ, къаси районалъул гӀадамазе ва тӀаде рачӀарал гьалбазе тӀобитӀана цогидаб театралиял церерахъиназул мажлис. Гьениб Авартеат- ралъул актераз бихьизабуна Аварагасул ва Шамил имамасул гӀумруялдаса гӀисинал бутӀаби, ахӀана нашидал.

Дир хиял ккана гьеб кинабго кка-ра-таралъул хӀакъалъулъ гӀадатиял гӀадамазул пикру цӀехон, гара-чӀвари гьабизе.

Районалъул бетӀерасул жамгӀияв кумекчи Муслим Эмечовас абуна гьадин:

*-Дун кутакалда вохарав вуго гьадинаб баракатаб къо нилъер районалъе Аллагьас сайгъат гьабиялдаса, жакъа гьанир руго киналнИги росабазул гӀадамал, тӀаде щварал гьалбал ва гьел киналго руго цо хъизан гӀадин, гьелдаса кӀудияб баракат ва рохел дида лъаларо кинаб букӀунебали,*-ян.

Аймесей ГӀисаева (Дилим росу):

*-Жакъа дирго лъималгун цадахъ дунги гӀахьаллъана гьаб баракатаб тадбиралда. БитӀараб бицани, асарал тӀаде щолелъул, магӀу кквезе кӀварав цониги чи вукӀинчӀилан абила дица. Киназулго гӀадин дирги хьул буго, жакъасеб къоялъул ва асаразул баракаталдалъун нилъееги щвелилан аварагасул шафагӀатги Аллагьасул разилъиги»*,-ян

ГӀабдулла Халидов (Калининаул росу):

*-Асарал районалде рачӀине ругилан рагӀарабго, нилъ щивасда бихьана кигӀан кӀудияб хӀалтӀи нилъер ракьалда гьабурабали. ТӀоритӀана субботникал, къачӀана нухал. Къасиги къадги чӀечӀого, хӀадурлъанилан абизе бегьула Салатавия гьаб къоялде, ва жакъа, киналго цолъун, цо кӀалалъ гӀадин салаватги битӀулаго, тӀобитӀана гьаб данделъиги. Аллагьас гьал асаразул баракат камизе тогеги нилъер районалдаса,*-ян бицана ГӀабдуллаца.

Къаси ва къад ахӀулел нашидал, битӀулеб салават, цӀалулеб Къуръан ва асарал рихьизе рачӀунезул кьеразул чвахи къотӀулеб букӀинчӀо.

***МахӀмуд ДавудхӀажиев***

# Постановление

31.03. 2023 г. № 48

с. Дылым

**О запрещении проведения неконтролируемого сжигания травы и сельскохозяйственных палов на территории Казбековского района**

В соответствии с Федеральным законом от 21 декабря 1994 года № 69-ФЗ "О пожарной безопасности", Федеральным законом от 06 октября 2003 года № 131-ФЗ "Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации", в целях предотвращения чрезвычайных ситуаций, связанных с проведением неконтролируемого сжигания сухой травы и растительности, проведения сельскохозяйственных палов, администрация МР

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Запретить применение открытого огня при работе на полях и сельскохозяйственных угодьях до схода сухой травы.

2. Установить, что проведение неконтролируемого сжигания травы и растительности вдоль автомобильных дорог, выжигание сухой травянистой растительности, стерни, пожнивных остатков на землях сельскохозяйственного назначения и землях запаса, разведение костров на полях, проведение сельскохозяйственных палов на территории Казбековского района запрещается.

3. Руководителям организаций сельскохозяйственного производства, гражданам, осуществляющим сельскохозяйственную деятельность, не допускать неконтролируемое сжигание сухой травы, пожнивных остатков.

Обеспечить соблюдение правил противопожарного режима и не допускать применение открытого огня и других возможных источников возгорания вблизи полей, сельскохозяйственных угодий, мест размещения сухой травы, в лесных массивах, в том числе на индивидуальных участках в садоводствах, огородничествах, сжигание в населенных пунктах и садоводческих объединениях сухой травы и мусора на расстоянии менее чем 100 метров от населенных пунктов и лесных массивов на территории Казбековского района.

4. Рекомендовать главам администраций поселений Казбековского района:

4.1. Обеспечить безопасность населенных пунктов, прилегающих к лесным массивам от лесных пожаров, путем создания минерализованных полос.

4.2. Организовать информирование населения о правилах пожарной безопасности и действиях при угрозе и в случае возникновения ситуаций, связанных с природными пожарами посредством размещения информационных материалов на официальных сайтах администраций поселений.

4.3 Провести разъяснительную работу среди населения о запрете выжигания сухой растительности, проведении сельскохозяйственных палов, разведения костров, сжигание мусора и использования открытого огня в непосредственной близости от населенных пунктов и лесных массивов.

4.4. Проводить регулярные контрольные мероприятия за соблюдением запретов, установленных настоящим постановлением.

4.5 . Проводить регулярные контрольные мероприятия за соблюдением запретов, установленных настоящим постановлением.

5. Рекомендовать МКУ «Управление сельского хозяйства» МР «Казбековский район»:

5.1. Организовать проведение разъяснительной работы с руководителями сельхозпредприятий, крестьянских (фермерских) хозяйств, расположенных на территории Казбековского района о недопущении проведения сельскохозяйственных палов.

**6. Рекомендовать ГКУ РД «Казбековское лесничество»:**

6.1. Обеспечить надлежащий контроль за пожарной обстановкой на территории Казбековского района.

6.2. Оказывать содействие в тушении сухой растительности, при распространении огня и возникновении угрозы населённым пунктам, незамедлительно выезжать на тушение сухой травы, обеспечить защиту населенных пунктов от пожаров.

7. Начальнику МКУ «Управление образования» МР «Казбековский район» организовать проведение разъяснительной работы в образовательных учреждениях района о запрете выжигания сухой растительности, разведения костров и применения открытого огня в населенных пунктах и непосредственной близости от них, в лесных массивах.

8. Рекомендовать начальнику ОМВД России по Казбековскому району, начальнику отдела надзорной деятельности и профилактической работы №10 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам, лесничему ГКУ РД «Казбековское лесничество»:

8.1. Принять необходимые меры по обеспечению соблюдения настоящего постановления, в пределах своей компетенции и полномочий, принимать меры, предусмотренные законодательством Российской Федерации, к лицам, нарушившим запреты, установленные пунктами 1, 2 настоящего постановления.

9. Разместить настоящее постановление на официальном сайте администрации Казбековского района и в газете «Чапар».

10. Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации МР «Казбековский район» Нуцалова Б.С.

*Глава Г.Г. Мусаев*

# Постановление

06.04. 2023 г. № 51

с. Дылым

**В честь празднования 78-й годовщины Победы Советского народа в Великой Отечественной войне 1941-1945 г.г., администрация МР «Казбековский район»**

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Утвердить План подготовки и проведения мероприятий, посвященных 78-й годовщине Победы в Великой Отечественной войне 1941-1945 годов.

*Приложение №1.*

2. У твердить состав организационного комитета по подготовке и проведению 78-й годовщины Победы в Великой Отечественной войне 1941-1945 годов.

*Приложение №2.*

3. Рекомендовать начальнику ОМВД России по Казбековскому району (Хайрулаев Ю.Ю) принять меры по обеспечению безопасности населения и охране общественного порядка на период майских праздников и во время проведения праздничных мероприятий.

4. Руководителю аппарата администрации МР «Казбековский район» (Гамзатова М.М.) и главам поселений разработать и утвердить графики дежурств ответственных лиц по администрациям соответствующих муниципальных образований на период майских праздников.

5. Настоящее постановление опубликовать в средствах массовой информации муниципального района.

6. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации МР «Казбековский район» Шабазова И.И.

С приложением 1 и 2 можно ознакомиться на сайте администрации МР «Казбековский район» (kazbekovskiy.ru)

*Глава Г.Г. Мусаев*

# Оружие выкуп

Ежегодно министерство юстиции Дагестана выкупает у граждан добровольно сдаваемое в местные отделы МВД огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые вещества. Цены остались на уровне прошлого года.

Перечень выкупаемого оружия и боеприпасов с указанием их стоимости опубликован на сайте министерства юстиции республики.

| № п/п | Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ | Цена в руб. за единицу |
|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 |
| 1. | Пистолет, револьвер | 45000 |
| 2. | Автомат | 60000 |
| 3. | Пулемет | 75000 |
| 4. | Подствольный гранатомет | 45000 |
| 5. | Ручной противотанковый гранатомет | 45000 |
| 6. | Одноразовый гранатомет или огнемет | 45000 |
| 7. | Винтовка СВД | 60000 |
| 8. | Пистолет-пулемет | 45000 |
| 9. | Охотничий карабин | 9000 |
| 10. | Охотничье гладкоствольное ружье | 4500 |
| 11. | Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства | 1500 |
| 12. | Газовые пистолеты и револьверы иностранного производства | 1500 |
| 13. | Пистолеты и револьверы кустарного производства | 3000 |
| 14. | Самодельное стреляющее устройство | 750 |
| 15. | Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и др. промышленного изготовления) за 1 грамм | 8 |
| 16. | Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) | 3000 |
| 17. | Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу | 300 |
| 18. | Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению) | 3000 |
| 19. | Выстрел к РПГ | 3000 |
| 20. | Выстрел к подствольным и станковым гранатометам | 2500 |
| 21. | Ручная граната | 2500 |
| 22. | Мина | 1500 |
| 23. | Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию | 15 |
| 24. | Винтовка типа Мосина | 15000 |

*МЧС советует*

# О безопасности бытовых электроприборов

Любой электроприбор, провод или выключатель рассчитаны на определенную силу тока. Если сила тока выше нормы, на которую рассчитана электропроводка, происходит нагрев провода, образование электрических дуг с повышением температуры до 3000 градусов Цельсия и разброс горящего металла. Этого можно избежать, если не допускать повреждения проводов, небрежного их соединения, коррозии или загрязнения предохранителей, оголения или плохой изоляции проводов.

**САМОДЕЛЬНАЯ ЭЛЕКТРОПРОВОДКА**

Электропроводка должна выполняться только квалифицированными мастерами. Никогда не делайте проводку самостоятельно. Не заменяйте плавкий предохранитель на более мощный или на медную проволоку, это нарушает контроль за исправностью электропроводки.

**ПЕРЕГРУЗКА ЭЛЕКТРОПРИБОРОВ**

Не перегружайте электросеть, включая одновременно слишком много электроприборов. Не включайте все ваши приборы в одну розетку: из-за её перегрузки может возникнуть пожар.

**ЭЛЕКТРОБЫТОВЫЕ ПРИБОРЫ**

Не оставляйте электробытовые приборы включенными в сеть в течение длительного времени, они могут перегреться. Не забудьте, что если ваш утюг или щипцы для завивки волос включены в сеть, из-за прямого контакта с ними могут загореться расположенные поблизости предметы. Не пользуйтесь неисправными электроприборами.

**ДОПОЛНИТЕЛЬНЫЕ ЭЛЕКТРООБОГРЕВАТЕЛИ**

При пользовании этими приборами, соблюдайте осторожность. Не располагайте их вблизи от легковоспламеняющихся предметов (занавесок, покрывал и т.п.), следите за тем, чтобы не воспламенилась ваша одежда. Никогда не оставляйте включенные электрообогреватели без присмотра, не допускайте их перегрева.

ПРИ ПОЖАРЕ ЗВОНИТЕ ПО ТЕЛЕФОНУ СОТОВОЙ СВЯЗИ **«112»- «101»**.

*Заместитель начальника ПЧ-42 с. Дылым Чегуев Т.К.*

# Федеральный закон от 18 марта 2023 года 57-ФЗ О внесении изменений в статьи 13.15 и 20.3.3 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях"

Установлена административная ответственность за публичные действия, направленные на дискредитацию оказания- добровольческими формированиями, организациями или лицами содействия в выполнении задач, возложенных на Вооруженные Силы РФ.

Правонарушение повлечет наложение штрафа на граждан в размере от тридцати тысяч до пятидесяти тысяч рублей; на должностных лиц - от ста тысяч до двухсот тысяч рублей; на юридических лиц - от трехсот тысяч до пятисот тысяч рублей.

Кроме того, введена административная ответственность граждан, должностных лиц, индивидуальных предпринимателей и юридических лиц за распространение в СМИ, а также в информационно-телекоммуникационных сетях сведений, содержащих инструкции по незаконному изготовлению боеприпасов, за исключением сведений о способах, методах самостоятельного снаряжения патронов к гражданскому огнестрельному длинноствольному оружию.

Административная ответственность наступает в случае, если эти действия не содержат признаков уголовно наказуемого деяния.

**Юрисконсульт ОМВД России по Казбековскому району капитан внутренней службы Зубайриев Г.А.**

# Ространснадзор по Дагестану напоминает об ответственности за перевозку пассажиров без лицензии

Согласно действующему законодательству РФ, лицензирование перевозок пассажиров автобусами вместимостью более 8 мест для сидения, помимо водителя, является обязательным, в том числе при перевозке пассажиров на коммерческой основе, по заказам и для собственных нужд. Об этом сообщает территориальный отдел государственного автодорожного надзора по РД МТУ Ространснадзора по СКФО.

Положением о лицензировании деятельности по перевозкам пассажиров и иных лиц автобусами, утвержденным Постановлением Правительства РФ от 07.10.2020 № 1616 определен порядок получения лицензии на осуществление деятельности по перевозкам пассажиров и иных лиц автобусами.

Так, согласно указанному документу, соискатель лицензии через единый портал государственных услуг в лицензирующий орган направляет заявление установленного образца, копию приказа о назначении ответственного за обеспечение безопасности дорожного движения, копию договора о проведении медицинских осмотров водителей, если автобусы не являются собственностью соискателя, то копии документов, подтверждающих основание владения.

Владельцам (лицензиатам) в случае изменения сведений о государственных регистрационных номерах автобусов, увеличения/уменьшения количества автобусов необходимо подать заявление в лицензирующий орган для внесения соответствующих изменений в Реестр лицензиатов.

Согласно Постановлению Правительства РФ от 23 января 2023 года оплата пошлины за предоставление государственной услуги по лицензированию деятельности по перевозкам пассажиров и иных лиц автобусами до конца 2023 года отменена.

Перевозка пассажиров без лицензии попадает под административную ответственность, предусмотренную ч. 1 ст.14.1.2 КоАП РФ в виде штрафа от 50000 рублей до 400000 рублей, а при повторном совершении административного правонарушения - с конфискацией транспортного средства или приостановления деятельности на срок до 3 месяцев (ч.2 ст. 14.1.2 КоАП РФ).

Перевозка пассажиров автобусами, не внесенными в Реестр лицензиатов, является нарушением лицензионных требований, за которое ч. 3 ст. 14.1.2 КоАП РФ предусмотрена административная ответственность в виде штрафа размером до 100 тыс. руб.

Совершение дорожно-транспортного происшествия с человеческими жертвами автобусом, не внесенным в Реестр лицензиатов, является грубым нарушением лицензионных требований, за которое ч. 4 ст. 14.1.2 КоАП РФ в отношении должностных лиц и индивидуальных предпринимателей предусмотрен штраф в размере 75 тысяч рублей; на юридических лиц -200 тысяч рублей или административное приостановление деятельности на срок до 90 суток.

# Спутниковые системы навигации ГЛОНАСС или ГЛОНАСС/GPS должны устанавливаться на автомобили и автобусы

Действующее законодательство Российской Федерации требует, чтобы на некоторые автомобили и автобусы была установлена спутниковая система навигации ГЛОНАСС или ГЛОНАСС/GPS, позволяющая отслеживать положение транспортного средства. Об этом сообщает территориальный отдел государственного автодорожного надзора по РД МТУ Ространснадзора по СКФО.

Отмечается, что существует ряд нормативных документов, в которых четко прописаны требования к установке аппаратуры спутниковой навигации.

Согласно Постановлению Правительства РФ от 22 декабря 2020 г. №2216 *«Об утверждении Правил оснащения транспортных средств категорий М2, М3 и транспортных средств категории N, используемых для перевозки опасных грузов, аппаратурой спутниковой навигации»,* которое вступило в силу с 1 сентября 2021 г., обязательному оснащению аппаратурой спутниковой навигации подлежат автобусы, используемые для перевозки пассажиров, имеющие, помимо места водителя, более восьми мест для сидения, и автотранспортные средства, используемые для перевозки опасных грузов.

Установкой аппаратуры спутниковой навигации, ее обслуживанием занимается специализированная организация АО «ГЛОНАСС».

Основной информацией, получаемой от автомобиля с помощью системы спутникового ГЛОНАСС\СР5-мониторинга транспорта, являются данные о его местоположении и возможность онлайн-слежения за автомобилем и грузом, благодаря чему можно значительно повысить дисциплину водителей, улучшить качество эксплуатации автомобилей, исключить факты отклонения от маршрутов.

Согласно Положению о лицензировании деятельности по перевозкам пассажиров и иных лиц автобусами, утвержденному Постановлением Правительства РФ от 07.10.2020 №1616, владельцы не вправе допускать к осуществлению деятельности по перевозкам пассажиров автобусы, не оснащенные аппаратурой спутниковой навигации ГЛОНАСС.

Перевозка пассажиров автобусами, не оснащенными аппаратурой спутниковой навигации, является нарушением лицензионных требований, за что ч. 3 ст. 14.1.2 КоАП РФ предусмотрена административная ответственность в виде штрафа размером до 100 тыс. руб.

Выпуск автобусов на линию без аппаратуры спутниковой навигации, при котором совершено дорожно-транспортное происшествие с человеческими жертвами, отнесен к грубому нарушению лицензионных требований.

За неоднократное нарушение лицензионных требований или грубое нарушение лицензионных требований законодательством РФ предусмотрено приостановление деятельности предприятия (предпринимателя).

# Отдел надзорной деятельности и профилактической работы № 10 предупреждает о наступлении весенне-летного пожароопасного периода!

Наступление весенне-летнего пожароопасного периода всегда отмечается резким ростом пожаров, связанных с выжиганием сухой растительности. Повсеместно вдоль автомобильных дорог, на лугах, осуществляется выжигание сухой травы. На полях сжигается стерня, пожнивные остатки, разводятся костры и сжигается мусор как на территории, прилегающей к домовладениям граждан, так и на объектах различной форм собственности. Весенние палы становятся обыденностью, как для хозяйств, так и для владельцев личных приусадебных участков.

Существует ошибочное мнение, что жечь весной прошлогоднюю траву полезно для природы и что после палов зелень растет лучше. В действительности, нет ничего более вредного для природы, чем огонь. Конечно, через некоторое время после палов сквозь черноту пожарища начинает пробиваться зелень, но здесь уже не увидишь прежнего разнотравья. А вот многолетние сорняки с мощной развитой корневой системой легко переносят палы и потом захватывают большие освободившиеся территории.

С наступлением весны люди спешат привести в порядок свои владения и прилегающую территорию, при этом, забыв о требованиях пожарной безопасности, сжигают бытовой мусор и сухую растительность, не задумываясь о том, что могут причинить вред не только своему имуществу, но и рискуют получить серьезные травмы и потерять самое дорогое – жизнь.

В соответствии с Правилами противопожарного режима в Российской Федерации необходимо обеспечивать своевременную очистку территорий от горючих отходов, мусора, тары, опавших листьев и сухой травы. Не допускается сжигать отходы и тару в местах, находящихся на расстоянии менее 50 метров от зданий и сооружений. Также запрещается на территориях поселений устраивать свалки горючих отходов. На период устойчивой сухой, жаркой и ветреной погоды, а также при введении особого противопожарного режима на территориях поселений вводится запрет на разведение костров, проведение пожароопасных работ на определенных участках, на топку печей, кухонных очагов и котельных установок.

К сожалению, как показывает практика, в ряде случаев пожары обусловлены и недостаточной культурой производства. Это, прежде всего, касается содержания территории объектов. Риск возникновения пожаров усугубляется тем, что предпосылки для возникновения пожаров создают сами должностные лица ответственные за противопожарное состояние.

